



Ministère de l'Environnement,
de l'Agriculture et de l'Élevage
(MINEAGRIE)

G.P.A



IBIMESHEJWE N'IHURIRO N'IHAYANISHA-GURISHA RY'ABARIMYI, Umwaka wa 2019

BUJUMBURA-BURUNDI, Mukakaro 2019

Ubunyamabanga nshingwabikorwa bwa FOPABU-Ijwi ry'abarimyi

Email: fopabu.info.2009@gmail.com, www.fopabu.org

Rohero II, Avenue de la solidarité n°17

Kuva kw'italiki zitanu gushika zitanu z'ukwezi kwa Mukakaro umwaka w'2019, harabaye ku kibuga c'umupira w'amaguru **“Agasaka i Ngozi”** ihuriro ry'abarimyi bo mu Burundi, hamwe no guhayanisha no kugurisha umwimbu n'ivyahinguwe n'amashirahamwe y'abarimyi bava cane cane mu ntara z'uburaruko.

Iryo huriro n'ihayanisha-gurishwa ry'umwimbu vyari vyateguwe n'amashirahamwe y'abarimyi ahurikiye muri FOPABU, amashirahamwe ari mu murwi w'ubuvugizi rw'uburimyi (GPA), hamwe n'ubushikiranganji bw'ibidukikije, uburimyi n'ubworozi, bafashwe mu mugongo n'abafasha bamwe bamwe.

Icivugo nyamukuru c'iryo huriro cari iki: ***‘Kazoza Keza: Tugwize umwimbu, dukingira ibidukikije, duhangana n'ihindagurika ry'ibihe’***.

Iryo huriro ryihweje ibibazo bitandukanye bihanze uburimyi n'abarimyi bo mu Burundi, na cane cane mubijanye n'ibikurikira:

- 1. Uburimyi butonona isi, n'ibidukikije**
- 2. Uburimyi bufatiye ku miryango**
- 3. Gufungura ivyo twimbura**
- 4. Guha agaciro umwimbu**

Mu kunonosora ikibazo kimwe kimwe, abahinga b'abarimyi batandukanye babikoreramwo baratanze ivyigwa bishemeye n'ibishinga ntahe bitandukanye vyunganira ibikorwa vya misi yose vy'abarimyi, hanyuma abitavye iyo nama baribariza neza gushika aho batahura.

Inyuma y'ivyo bibazo, ihuriro ry'abarimyi ryashikirije ibi bikurikira:

I. KU VYEREKEYE UBURIMYI BUTONONA ISI N'IBIDUKIKIJE

I.1 Kuri Reta n'abafasha mu gisata c'uburimyi:

1. Gushira inguvu hamwe mu guhimiriza no gufasha abarimyi kwijukira ubuhinga bwo kurima no kworora budahungabanya isi n'ibidukikije;
2. Kuronsa abarizi b'amafi ivyarizo ry'amafi (Ecloserie); amahinguriro y'amafi n'amahinguriro y'ibiryo vy'amafi;

3. Gubafata mu mugongo abakora amaziko mu kubaronsa ibikoresho vya kijambere (ifuru), ivyotuma badakoresha ibiti (inkwi) nyinshi;
4. Kubandanya bafasha abakora amaziko mu ntumbero yo gukingira bimwe biboneka ibidukikije;
5. Kuronswa abarimyari ibikoresho vyotuma bamenya neza urugero rukoresha mu kuvanga imiti y'ikirundi;
6. Gukwiragiza imiti kama yo kuvura ibiterwa, kubandanya ubushakashatsi no gusohora udutabo two kwigisha;
7. Kuronsa abarimyari ubumenyi bukwiye mu gutahura neza ibiri mu miti y'ikirundi;
8. Kubandanya ubushakashatsi no gukwiragiza ubuhinga budakoresha umwavu w'ikizungu;
9. Gushigikira abarimyari bariko barakoresha ubwo buhinga;
10. Mu gihe tutarashikira umwimbu ukwiye, reta yobandanya gutanga umwavu w'ikizungu;
11. Kugira ikibazo c'ivyatsi gitorerwe umuti, abajejwe intwari bofasha gushira mu ngiro itegeko ribuzza guturira ivyatsi.

I.2 Ku barimyari:

1. Abanegihugu bokwijukira kuvanga iyo myavu ibiri (umwavu w'ikirundi n'umwavu w'ikizungu);
2. Kwijukira gukoresha Akazu ka Sugumwe Gatanga Amase (AKASUGA) mu ntumbero yo gufumbiza intabire ivuye mu mwanda mukuru na mutoya;
3. Kwijukira gukoresha imiti kama mu gupompa ibiterwa no gukingira ivyimbura vyabo.

II. UBURIMYARI BUFATIYE KU MIRYANGO

II.1. Kuri Reta:

1. Gushira imbere no gushigikira biboneka uburimyari bufatiye ku miryango;
2. Gushinga umurwi w'abahinga n'abarimyari usuzuma ingendo zose zihari (les approches) mu kiringo c'imyaka ibiri, ukaraba neza ibintu vyiza na bibi biri muri izo ngendo mu ntumbero yo

gushiraho ingendo (approche) imwe. *Ivyo bofatirako vyoba: Gushika ku ntumbero biyemeje (efficacité), gukoresha uburyo butarengeye (effiscience), kurama (durabilité);*

3. Guhimiriza abakora mu gisata c'uburimyzi kwijukira iyo ngendo nshasha no kubagaburira uburere bakoreramwo;
4. Gutunganya inyigisho ku borozi b'inzuki no kubaronsa ibikoresho vya kijambere;
5. Guhimiriza urwaruka n'abakenyezi kwijukira umwuga w'ubworozi bw'inzuki.

II.2 Kuri Leta, abafasha n'imboneza:

1. Gutunganya inyigisho ku borozi b'inzuki no kubaronsa ibikoresho vya kijambere;
2. Guhimiriza urwaruka n'abakenyezi kwijukira umwuga w'ubworozi bw'inzuki.

III. GUFUNGURA IVYO TWIYIMBURIYE NO KUBIHA AGACIRO

III.1. Kuri Bureau Burundaise de Normalisation (BBN):

1. Guherekeza abanyamahinguriro mu kubafasha kwitegurira ibisabwa vyose bikenewe mu kuronka urupapuro rwemeza ko ivyo bakora bikwiye amategeko agenga akaranga k'ibifungurwa;
2. Kumenyeshya amategeko y'akaranga abo vyega bose (toutes les parties prenantes)

III.2 Kuri Reta:

1. Kuronsa uburyo bukwiriye ikigo BBN kugira gishobore gukora neza mu ntumbero yuko ivyo yemeje bishobora kwemerwa n'amakungu;
2. Gufasha mu gushiraho amahinguriro ahingura ibijanye n'ama emballages;
3. Gukora itohoza rw'ama emballages akoreshwa mu gihugu kandi igatuza bimwe biboneka amahinguriro yose ahingura ivyo batekeramwo kugira vyitirirwe ibiva hanze;
4. Gutandukanya amahinguriro mato mato na manini bijanye n'ibikoresho bafise;

5. Gukora ibishobotse vyose mu kuronsa umuyagankuba abenegihugu, na cane cane amahinguriro, ukwiriye kandi uzimbutse;
6. Kuja hamwe na filière (igisata) yose y'amata mu gushinga igiciro bahurijeko no gushinga interprofession y'amata;
7. Gushiraho interprofession y'ivyamwa kugira abarimyi, abaguzi n'abahingura batorere umuti ibibazo vyabo;
8. Gushiraho politike itomoye yo gukingira amahinguriro cane cane agitangura,
9. Kongereza amakori ku mata y'ifu mu ntumbero yo guha agaciro amata akamwa no guhimiriza abenegihugu kunywa amata akamwa;
10. Gufasha gushiraho ikigo kidandaza ama fortifiants;
11. Gufasha bimwe biboneka uburimyi bw'ingano no kurondera ubwoko bw'imbutu zishobora gukogwamwo ifu y'imikate;
12. Gushiraho amategeko ku buryo ata mukate numwe ukorwa hatarimwo ayandi mafu y'ibindi biterwa;
13. Gutera intege no guhimiriza amahinguriro ahingura imikate kuvanga ifu y'ingano n'iyibindi biterwa biva mu Burundi (ibijumbu, ibitoke, umuceri, n'ibindi).
14. Gukomeza CNTA mu kuyiha uburyo bukwiriye mu ntumbero yo kwongerereza ubumenyi amashirahamwe mu guhingura.
15. Gushiraho ingingo zibuza kwemerera amashirahamwe gukora ku mugaragaro mu gihe aterekanye imigambi itomoye.

III.4. Ku bafasha:

1. Kubandanya gukwiragiza mu gihugu ibibanza vy'iyegeranirizo y'amata mu ntumbero yo kugabanya agahombo aborozi bashobora kugira.

III.5. Amahinguriro :

1. Gukura n'ingonga ibitekezo bitabora (emballages plastiques) mu gihugu ;
2. Kwiga neza amasoko imbere yo gutunganya no gushira mu ngiro imigambi itomoye (Business plan réaliste).

III.4. Reta n'amahinguriro:

1. Gukurikirana neza ko ibikorwa vyo gukura ibitekezo bitabora (emballages plastiques) kiriko kigenda neza;
2. Amahinguriro: kumenya no gukora neza ivyo bahingura na reta ikabibafashamwo;
3. Guhimiriza amahinguriro kumenya abo bakorana hasi no hejuru kugirango bubahirize tracabilité y'ivyo bakora mu ntumbero yo kumenya iyo biva niyo bija.

III.3. Ku mashirahamwe y'abarimyi:

1. Kwijukira gukunda amata akamwa aho gukunda amata y'ifu;
2. FOPABU: gutumira amashirahamwe akorera mu bisata vy'amata n'ibindi mu ntumbero yo kubasigurira indinganizo ya FOPABU, maze ababikeneye bakinjira.

IV. Ingingo z'isozera

Isoko ry'iterambere mu gihugu cacu rihagarariye gushigikira bimwe biboneka amahinguriro yo mu gihugu, cane cane mu ntango.

Turasavye GPA na FOPABU gukorana neza na Reta mu gushira mu ngiro ivyo vyose vyasabwe aho hejuru.

Bigiriwe i Ngozi, igenekerezo rya 05 Mukakaro 2019

Abitavye ihuriro